



Sekaten 2011, pepenget tumrap jati dhirining bangsa

Dening Yudi Kusdiyanto, M Fikri AR
 JURU WARTA HARIAN JOGJA

Pasar Malem Sekaten 2011 kanggo ngregengake tradisi budaya Garebeg Mulud 1944 Be, wiwit diadani ing Alun-alun Lor Karaton Nyagogyakarta. Pasar Malem Sekaten bakune Garebeg Mulud dhewe mujudake tradhisi kang isih dilestarekake dening warga, merga nduweni teges lan sujarah kang adhiluhung.

Gubernur DIY, Sri Sultan Hamengku Buwono X, nalika mbukak Sekaten 2011, Sabtu (8/11) kepungkur ngendika, Sekaten tahun iki luwih istimewa, amargo diadani bebarengan karo pengetan lan pengukuhan Kota Jogja Kota Republik. Pengetan Jogja Kota Republik mono ora bisa dipisahake kalawan sujarah perjuangan Indonesia nalika ngrebut kamardikan tahun 1945 kepungkur.

"Sekaten tahun iki banget nggawe bombong. Isa diarani gawe bombong merga saiki tansaka akeh nom-noman kang saya eling marang sujarah. Kanthi budaya, bisa ngeling-eling kedadeyan sejarah kang wus nate dumadi, kang sakiki wis wiwit dilelekeke bangsane dhewe kang pancen lalen iki," ngono pangandikane Sultan nalika mbukak Perayaan Pasar Malem Sekaten (PMPS) ing Alun-alun Karaton Ngayogyakarta, Sabtu kepungkur.

Miturut Sultan, sujarah wus nyatet nganggo mangsi emas menawa kutha Nyagogyakarta nate dadi soko gurune Republik Indonesia. Sujarah gumregah warga Jogja kanggo mulyakake Republik Indonesia nalika tahun 1945 iku isih trep kalawan tema Sekaten tahun iki, yaiku Harmoni Budaya, Ekonomi lan Religi.

Tradhisi Sekaten uga patut dadi salah sawijining cathetan ing babagan Keis-

timewaan DIY, kang nganti dina iki isih dirembug ana ing DPR lan durung ana putuse.

Irah-irahan Sekaten 2011 yaiku Harmoni Budaya, Ekonomi lan Religi, miturut Kangjeng Sultan isa dadi pepenget jati dhirining bangsa kanggo mbangun Negara karoben luwih becik lan makmur.

Kangjeng Sultan mrathelakake, sujarah wus nyatet, jaman mbiyen, Sultan ing Ngayogyakarta, warga masyarakat lan para sudagar wus bisa nyawiji, bebarengan ambangun Negara. Babagan iku cetha digambarake kanthi wujud Catur Sagotra, yaiku kanthi anane Masjid Gedhe Kauman kang dadi punjere agama, Karaton Ngayogyakarta kang dadi punjere paprentahan lan budaya, sarta Pasar Beringharjo kang dadi punjere ekonomi, kang sabanjure bisa nyawiji ana ing Alun-alun Lor Karaton Ngayogyakarta, ing tradhisi Sekaten. Mula saka iku, piwulang luhur kang ana ing saknjeron tradhisi Sekaten perlu tansah dilestarekake.

Sesambungane babagan ekonomi, Walikota Jogja, Herry Zudianto, nalika mbukak Sekaten 2011 uga mrathelakake, Pasar Malem Sekaten bisa dadi salah sawijining cara ngobahake ekonomi masyarakat cilik, bakune para perajin ing tlatah Ngayogyakarta. Sekaten, miturut Herry, uga bisa dadi salah sawijining agenda wisata tahunan kang bisa nekakake para

- sturkan Kepada Yth. :
1. Walikota Yogyakarta
 2. Wakil Walikota Yogyakarta
 3. Sekretaris Daerah
 4. Asisten

ibusan Kepada Yth. :

- Instansi
1. ~~Diparbud~~
 2. ~~Bag. Humas~~
 3.
 4.
 5.

positif
 biasa



Empty rectangular box for content.

| Instansi | Nilai Berita | Sifat | Tindak Lanjut |
|---|--------------|-------|-----------------|
| 1. Bagian Humas dan Informasi 2. Dinas Pariwisata dan Kebudayaan | Positif | Biasa | Untuk Diketahui |

Yogyakarta, 12 Oktober 2024
Kepala

Ig. Trihastono, S.Sos. MM
NIP. 19690723 199603 1 005